Доцца аьллачу, шайгахь къегина маьIна долчу дешнех лаьтташ ду кицанаш. Дукха хенахь дуьйна дахарехь зеделларг, адамо шен хьокъехь ойла йинарг, тидаме эцнарг ду кицанашкахь довзуьйтург.

Кхетаме доцу дош,
кица дац.

Шен метта ца аьлла
дош хезна дац.

Х1ор дешан а шен
меттиг ю.

Чеченская Республика,
г.Урус-Мартан, ул.С-Х.Яндарова 40.
МКУК Урус-Мартановского
муниципального района
«Межпоселенческая центральная
библиотека»



Методико-библиографический отдел

Следить за событиями нашей
библиотеки можно:
на сайте - urus-biblioteka.mk95.ru;
Telegram-канал - URUS_BIBLIOTEKA.
Тел. для справок: 8(928)738-00-67,
8(928)897-07-05
Эл.почта: zulai-urus@inbox.ru

КУЛЬТУРА
НАЦИОНАЛЬНЫЕ ПРОЕКТЫ РОССИИ
БИБЛИОТЕКА НОВОГО ПОКОЛЕНИЯ

# НОХЧИЙН ХАЛКЪАН КИЦАНАШ



г.Урус-Мартан
2022г.

Киицанаш - нохчийн барта кхоллараллин цхьа тайпа ду. Кицанаш кхетам луш долу доций аларш ду. Адамийн хьекъал а, дахаран бакъдерг а гойту цара. Халкъо кицанаш кхоьллина адамийн дахарехь зеделларг гойтуш, довзуьйтуш. Кицанаша дуьйцу адамо шен дахарехь тидаме эцна, ойла йина цуьнан лаам хилла гIуллакх. Кхетам баларца цхьаьна цара хиламан а, хIуманан а мах хадабо, жамI а до.

Кицанаша хестайо адамийн дика амал а, гIиллакх-оьздангалла а, тешаме хилар а хестадо, адамалла йолуш къинхетаме хилар а. Иштта адамийн сакхташ а, вон амалш а йемалйо.

Кица – къамелан туьха лоруш ду халкъалахь. Цуьнан маьIнах иштта кхета веза: туьхано кхачанан санна, шен меттехь далийначу кицано «чам бо» дуьйцучу къамелан. Кица гуттар цхьана метта далош ду, масаллина аьлла.

Халкъо кицанашкахь кхетам ло, диканиг хьоьху, вочух ларво. Шен къамелехь догIуш долчохь кица дало хаар къамелана говза хилар, шен ойла къеггина схьагайта хаар лору. Iаламат мехала хазна йу халкъан кицанаш.

Шайн чулацаме хьаьжжина кицанаш тайп-тайпана ду.

***

Элпашца болало 1илманчийн некъ.

***

Къа ца хьоьгуш 1илманан к1оргене кхачалур вац.

***

Дуккху а хууш хила, к1езиг дуьйцуш хила.

***

Жимачохь 1амийнарг атта д1аоьцу.

***

Дешаран орам къаьхьа белахь а цуьнан стом мерза бу.

***

1емина верг къевсинчохь атта эшалур вац.

***

Ахча долахь ца дуьсу, 1илма шегахь дуьсу.

***

Х1ума цахаар эхь дац, цахуург ца1амор эхь ду.

***

1илманчо некъ хьоьху,1илма доцуш верг цунна т1аьхьах1уттий лела.

***

Диканиг 1амаде, воииг коьрта чу дог1ур дац.

***

Хазачу г1иллакхо айдо стеган сий.

***

Г1иллакх ду т1евеънанчунна хьалаг1аттар, воккхачунна
некъ битар, хаза дош алар, хьаша т1еэцар, боберийн
терго яр, эшначунна г1одар, цомгашчу стаге хьажа вахар,
саг1ина х1ума ялар, лулахошца дика хилар.

***

Мало йолчуьнга г1иллакх лелалур дац.

***

Хьалха ойла е, г1уллакх т1аккха доладе.

***

Болх ца беш мукъа 1аш верг сагатлуш хирву.

***

Хазачу г1иллакхо мостаг1алла д1адоккху.

***

Коьртехь хьекъал ца хилча, когаша къахьоьгу.

***

Стеган дикалла собарх хиъна, говран дикалла боларх хиъна.

***

Вон дош къорачунна а хезна.